

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Puisi mantra di Désa Pangulah Selatan masih kénéh nyampak jeung dipaké ku sabagian masarakatna. Sabada diayakeun panalungtikan di éta désa, ka kumpulkeun 77 puisi mantra ti 10 urang narasumber. Unsur-unsur puisi mantra anu dianalisis ngawengku: 1) déskripsi puisi mantra; 2) unsur intrinsik puisi mantra (téma, rasa, nada, jeung amanat); 3) larapan hasil panalungtikan pikeun dijadikeun bahan ajar maca di SMA kelas X.

Unsur-unsur puisi mantra anu dianalisis, kacindekanana nya éta:

- 1) Puisi mantra anu ka kumpulkeun aya 77, nya éta: 31 asihan, 20 ajian, 9 jampé, 7 rajah, 7 jangjawokan, 3 singlar.
- 2) Puisi mantra anu dianalisis, nya éta: (1) unsur intrinsik (téma, rasa, nada, jeung amanat), bisa dicindekkeun yén: a) téma dina puisi mantra anu geus dianalisis, di antarana: sangkan dipiasih ku sakabéh jalma, pikeun ngubaran kasakit nyeri panon, kabersihan awak, ngarambét di sawah, kaséhatan, jeung mepes amarah batur anu ambek atawa nu rék jahat; b) rasa dina puisi mantra anu geus dianalisis, di antarana: ménta kakuatan, panyalindungan, nyingkahan mahluk lemes, jeung sangkan batur pada mikanyaah atawa mikaasih; c) nada dina puisi mantra anu dianalisis di antarana: ngajak sangkan ibadah ka Gusti Alloh, nyucikeun diri tina sagala kokotor, jeung kalimah syahadat pikeun kasalametan di dunya jeung ahérat; d) amanat anu kapanggih dina puisi mantra nu geus dianalisis, di antarana: nu jahat pasti aya wawalesna, mung Gusti Alloh nu bisa ngajaga tina teluh, ménta pitulung ka Gusti Alloh tina kagoréngan atawa nu rék jahat, jeung sangkan katingali ku sakabéh jalma panggeulisna atawa pangkasépna; (2) gaya basa anu kapanggih, nya éta: 21 mindoan, 16 ngupamakeun, 11 rarahulan, 2 lalandian, 1 ocon, 1 mijalma; jeung (3) purwakanti: 24 pangluyu, 30 maduswara, 8

cakraswara, 19 mindoan kawit, 23 laraspurwa, 19 laraswekas, 24 larasmadya, 18 mindoan kecap, 9 mindoan wekas, 12 margaluyu,

- 3) Puisi mantra anu bisa dijadikeun bahan ajar maca aya 66 jeung nu teu bisa dijadikeun bahan ajar maca aya 11. Ku kituna, puisi mantra di Désa Pangulah Selatan réréana bisa dijadikeun bahan ajar maca di SMA Kelas X.

5.2 Saran

Dina nalungtik puisi mantra téh loba pisan mangpaatna, utamana bisa nambahan pangaweruh dina widang sastra jeung élmu lianna. Dumasar kana éta hal, aya sababaraha saran anu perlu ditepikeun ka lembaga, murid, mahasiswa, guru, jeung masarakat umum.

- 1) Lembaga Kabudayaan jeung Pariwisata Kabupatén Karawang

Lembaga Kabudayaan jeung Pariwisata Kabupatén Karawang dipiharep bisa leuwih ngainvéntarisir budaya jeung seni anu aya di Kabupatén Karawang.

- 2) Murid, Mahasiswa, jeung Guru

Ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi bahan ajar kana sastra atawa budaya Sunda, pikeun mahasiswa ka hareupna bisa ditalungtik deui kana garapan anu lewih husus, sangkan kaguar hal-hal séjén ngeunaan puisi mantra anu aya di tatar Sunda hususna di Désa Pangulah Selatan.

- 3) Masarakat Umum

Ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi sarana pikeun nambahan pangaweruh pikeun masarakat jeung bisa leuwih ngamumulé kana karya sastra jeung budaya anu aya di tatar Sunda hususna puisi mantra di Désa Pangulah Selatan.